EURASIAN JOURNAL OF LAW, FINANCE AND APPLIED SCIENCES
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.3 | SJIF = 5.961 www.in-academy.uz




# AKCIONERLIK JÁMIYETLERDI SHÓLKEMLESTIRIWDIÑ HUQIQIY MÁSELELERI

**Saparbaev Salamat Joldasbaevich**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
70420115 – "Huqıq va biznes" qánigeligi 2-kurs magistranti
https://doi.org/10.5281/zenodo.7599310

**ARTICLE INFO**
Received: 21th January 2023
Accepted: 29th January 2023
Online: 31th January 2023
**KEY WORDS**
*Akcionerlik jámiyetleri, ashiq akcionerlik jámiyeti, jabiq akcionerlik jámiyeti, huqıqıy tiykar, nızam.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada Ózbekstan Respublikasında akcionerlik jámiyetlerin shólkemlestiriwdiń huqıqıy máseleleri analiz etildi. Bunda Ózbekstan Respublikasiniń Akcionerlik jámiyetleri hám akcionerlerdiń huqıqlarin qorǵaw haqqinda"ǵı nizami hám basqa nizam hújjetler metodologiyalıq tiykar bolip belgilendi.*

Bárshemizge belgili ǵarezsizliktiń dáslepki jıllarınan baslap ámelge asırılıp atırǵan ekonomikalıq reformalardıń negizinde múlkti mámleket qaramaǵınan shıǵarıw hám onı jekelestiriw qáliplestiredi. Onıń maqseti – bazar ekonomikasınıń júzege keliwi ushin zárúr bolǵan tiykarǵı sharayatlardı jaratıw, tiykarınan jeke múlk institutın qáliplestiriw, ekonomıka hám huqıqıy bazanı hámde olarsız ekonomikanıń jeke sektorı iskelik kórsete almaytuǵın institucional shólkemlerdi jaratıwdan ibarat.

Akcionerlik jámiyetleri búgingi kúnde mámleket ekonomikasınıń kóplegen tarawlarında jetekshi abroyǵa iye bolǵan, keń tarqalǵan, basqarıw, baqlaw hám atqarıw organları arqalı korporativ múnásibetlerge aktiv kirisetuǵın yuridikalıq shaxslar esaplanadi.

Sol sebeplide búgingi kúnde ekonomikalıq rawajlanǵan ellerde, ásirese, sanaat tarawında menshiktiń usi forması áhmiyetli orin iyeleydi.

Ózbekstan Respublikası Birinshi Prezidenti I.A.Karimov atap ótkenindey: «akcionerlik kompaniyaları ózleriniń bazar múnásibetlerine mas atamaǵa muwapıq jumıs júritiwi ushın «Akcionerlik jámiyetler hám akcionerlerdiń huqıqların qorǵaw haqqında»ǵı Nızamdı qayta kórip, jańa baspada islep shıǵıw hám qabıl etiw hám de onda korporativ basqarıw hám qadaǵalaw organlarınıń wazıypaları, huqıqları hám juwapkerligin jánede anıq etip belgilew lazım. Nızamdaǵı akcionerlik jámiyetlerdiń gúzetiwshiler keńesleri, ulıwma jıynalısları, reviziya komissiyalarınıń roli hám áhmiyetlerin asırıw, minoritar yaǵnıy qolında akciyası kem bolǵan akcionerlerdiń kepilliklerin kóbirek támiyinlew, barlıq akcionerlerdi hám bolajaq investorlardıń akcionerlik kompaniyaları jumısı haqqında maǵlıwmat alıw imkaniyatların keńeytiwdi kózde tutıw maqsetke muwapıq». [1]

Sonday-aq, ámeldegi mámleket basshımız SH.M.Mirziyoev jańa isbilermenlik subektlerin shólkemlestiriw hámde iskerligin toqtatqan kárxanalardı qayta tiklewge kómeklesiw kerekligi haqqında óz bayanatlarında aytıp ótken. [2]

Házirgi kúnde jáhán ekonomikasında akcionerlik jámiyetler áhmiyetli orın iyeleydi. Bunıń tiykargı sebebi bul xojalıq júritiwshi subektlerdiń tiykargı maqseti kapitaldı birlestiriw bolıp, usı túrdegi xojalıq jámiyetlerdi shólkemlestiriw basqa jámiyetlerden nátiyjelirek boladı.

Akcionerlik jámiyetleri ashıq hám jabıq bolıwı múmkin:

Qatnasıwshıları ózlerine tiyisli akciyalardı ózge akcionerlerdiń razılıgısız basqa shaxslarğa beriwi múmkin bolğan akcionerlik jámiyeti ashıq akcionerlik jámiyeti dep esaplanadı.

Akciyaları tek óziniń akcionerleri yáki aldınnan belgilengen sheńberdegi shaxslar arasında bólistirilетuğın akcionerlik jámiyeti jabıq akcionerlik jámiyeti dep esaplanadi.

E.Bogatıxtıń pikirinshe, ashıq akcionerlik jámiyetti shólkemlestiriw tórt (ustavtı tayarlaw, kapitaldı qáliplestiriw, shólkemlestiriw jıynalısın shaqırıw, dizimnen ótkiziw) basqıshlardan, al jabıq akcionerlik jámiyeti eki (ustavtı tayarlaw hám dizimnen ótkiziw) basqıshlardan ibarat.[3,82]

Duris, akcionerlik jámiyeti ǵarezsiz esaplanadı, biraq olar mámleket belgilegen nizam-qaǵıydalar tiykarinda iskerlik kórsetedi.

Búgingi kúnde akcionerlik jámiyetleriniń huqıqıy dárejesi 1996-jil 26-aprelde qabıl etilgen “Akcionerlik jámiyetleri hám akcionerlerdiń huqıqlarin qorǵaw haqqında”ǵı Ózbekstan Respublikasınıń Nızamına, sonday-aq, 2015-jıl 24-apreldegi “Akcionerlik jámiyetlerinde zamanagóy korporativ basqariw usılların engiziw is-ilajlari haqqında”ǵı PF-4720-sanlı pármanı hám basqa nızam hújjetleri menen tártipke salınadı. [4]

“Akcionerlik jámiyetleri hám akcionerlerdiń huqıqlarin qorǵaw haqqında”ǵı Ózbekstan Respublikasınıń Nızamı 13-bab, 118-statyadan ibarat bolıp, bul nızamnıń 2-babı “Jámiyetti shólkemlestiriw” dep ataladı. Usı babtıń 9-statyasi “Jámiyetti shólkemlestiriwdiń usıllarıˮna arnalǵan. Yaǵnıy oǵan kóre “Jámiyet yuridik shaxstı shólkemlestiriw yáki qayta shólkemlestiriw (qosıp jiberiw, ajıratıp aliw, ózgerttiriw) jolı menen shólkemlestiriliwi múmkin” [5]– dep kórsetilgen.

Nızamnıń 10-statyasında bolsa, “Jámiyetti shólkemlestiriw akcionerlerdiń qararına kóre amelge asırıladı. Jámiyetti shólkemlestiriw haqqındaǵı qarar akcionerlerdiń uliwma májilisi tárepinen qabıl etiledi. Jámiyet bir akcioner tárepinen shólkemlestirilgen jaǵdayda jámiyetti shólkemlestiriw haqqındaǵı qarar usi akcioner tárepinen jeke tártipte qabıl etiledi”.

Jámiyetti shólkemlestiriw yuridikalıq yaki fizikalıq shaxs bolǵan hám onı dúziw haqqındaǵı shólkemlestiriw shártnamasın imzalaǵan shólkemlestiriwshiler qararına tiykar ámelge asırıladı. Akcionerlik jámiyetin dúziwshi yuridikalıq shaxs sıpatında hár qanday basqa akcionerlik jámiyeti shólkemlestiriwshi bolıwı múmkin. Jana jámiyetti shólkemlestiriw haqqındaǵı qarardı tiyisli jámiyettiń tiyisli baqlaw keńesi qabıl qıladı. Akcionerlerdiń ulıwma májilisi tek jámiyettiń Xolding kompaniyaları, finans sanaat toparları hám basqa kommerciyalıq shólkemleri birlespelerinde qatnası máselesin kórip shıǵadı. Bunday qararlar akcionerler ulıwma májilisinin bayannamasında názerde tutılǵan bolıwı lazım.

SHólkemlestiriw májilisi tomendegi úsh tiykarǵı máseleni sheshiwi lazım; jámiyetti shólkemlestiriw, onıń ustavın tastıyıqlaw, jámiyetti basqarıw organların saylaw. Bunda qarar kórsetilgen izbe-izlikte qabıl etiliwi kerek. Dawıs beriw nátiyjeleri shólkemlestriw májilisi bayannamasında kórsetiliwi lazım.

Akcionerlerdiń ulıwma májilisine qoyılatuǵın talaplardı tómendegishe keltiriwimiz múmkin:

- jámiyetti shólkemlestiriw haqqında qarar qabıl etedi hám olardıń ustavın tastıyıqlaydı;
- shólkemlestiriw processinde akcionerler tárepinen dúzilgen shártnamalardı tastıyıqlaydi;
- akcionerler tárepinen akcialar bahasın tólew tártibin belgileydi;
- shiǵarılatuǵın akcialardıń túrlerin hám bahasın belgileydi;
- jámiyettiń baqlaw keńesin, tekseriw komissiyasin saylaydı;
- jámiyettiń atqarıw organin dúzedi (saylaydı, tayınlaydı);
- akcionerlerdiń ulıwma májilisinde dawis beriw akcionerler kiritetuǵın úleslerge muwapıq ótkeriledi;
- akcionerlerdiń ulıwma májilisi apiwayi kópshilik dawis beriwi menen qabıl etedi, bunda májlis shártnamasın ózgertiw haqqındaǵı nızamlar ǵarezsiz bolip, bunıń ushın bárshe akcionerlerdiń razılıǵı talap etiledi;
- ulıwma májilistiń qararlari jámiyettiń bárshe akcionerleri tárepinen imzalanǵan bayannama menen rásmiylestiriledi.

Akcionerlik jámiyetin shólkemlestiriw waqtında shólkemlestiriwshiler jámiyetti shólkemlestiriw menen baylanıslı pitimler dúzedi hám basqa májbúriyatlarǵa kirisedi. Bunda olar óz atınan hareket etedi. Sebebi dizimnen ótpegenge shekem, akcionerlik jámiyeti subekt sıpatında bar bolmaydı. Bunday májbúriyatlar boyınsha shólkemlestiriwshiler solidar tarizde juwapker boladı.

Sebebi usi nızamnıń 14-statyasinda "Jámiyet yuridik shaxs sipatında mámleket diziminen ótkeriliwi lazım. Jámiyet mámleket diziminen ótkerilgen sáneden baslap kóbi menen úsh ay dawamında akcionerlerdiń uliwma májilisi haqqındaǵı, jámiyettiń baqlaw keńesi, atqariw organi haqqında (direktorı, basqarıwı, isenimli basqarıwshı haqqındaǵı) hám tekseriw komissiyası haqqındaǵı olardıń iskerlik tártibin, huqıq hám májbúriyatların, sonday-aq, jámiyettiń bul organlari tárepinen qararlar qabıl etiw tártip-qaǵiydaların belgilewshi nizamlarin tayarlawshi hámde akcionerlerdiń uliwmalıq májilisinde tastıyıqlawı shárt" dep kórsetilgen.

Akcionerlik jámiyetinin qatnasıwshıları akcionerler dep ataladı. Jámiyet ustav fondına óz múlkin kiritiw arqalı akcionerler akcionerlik jámiyeti múlkine qarata ózleriniń múlk huqıqın tastıyıqlawshı hújjet – akciyaǵa iye boladı. Sol mánide «akciya» túsinigi «múlk» túsiniginde emes, bálkim múlk huqıqın tastıyıqlawshı hújjet sıpatında túsiniledi. Solay etip, shólkemlestiriwshiler bul jámiyetti shólkemlestiriw baslaması menen shıǵatuǵın shaxslar bolsa, qatnasıwshılar olardıń materiallık bazasın qáliplestiriw ushın óz múlklerin kiritken shaxslar esaplanadı. Sonnan kelip shıǵıp, bir shaxs bir waqıttıń ózinde jámiyettiń shólkemlestiriwshisi hám qatnasıwshısı bolıwı múmkin.

Uliwma alǵanda akcionerlik jámiyeti investorlar kapıtalin birlestiriw jolı menen shólkemlestiriletuǵın hámde óz akcionerleri paydasi, mápi jolında isbilermenlik iskerligin ámelge asiratuǵın shólkemniń huqıqıy forması esaplamadi.

## References:

1. Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. Ўзбекистон Республикаси Олий

Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. // “Халқ сўзи”, 2010 йил 13 ноябрь.
2. Мирзиёев Ш.М. Ягона йўлимиз – тадбиркорлар сонини кўпайтириш, одамларни ишбилармон қилиш. Ўзбекистон Республикаси Президенти раислигида 2018 йил 8 январь куни Давлат бюджети параметрларини ижро этиш ва ҳудудларда тадбиркорликни ривожлантириш бўйича устувор вазифаларга бағишланган видеоселектор йиғилиши. https://gov.uz/uz/news/view/25840
3. Богатых Е. Гражданское и торговое право. – М.: Контракт, 2000. – 82 б.
4. “Aksiyadorlik jamiyatlarida zamonaviy korporativ boshqaruv uslublarini joriy etish chora-tadbirlari toʻgʻrisida”gi Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni, 24.04.2015 yildagi PF-4720-son.
5. O’zbekiston Respublikasining “Aksiyadorlik jamiyatlari va aksiyadorlarning huquqlarini himoya qilish toʻgʻrisida”gi qonuni. 26.04.1996 y (Yangi tahriri). Mazkur qonunga quyidagilarga muvofiq o’zgartirishlar kiritilgan. O’zR 06.05.2014 y. O’RQ-370-son Qonuni.
6. https://lex.uz/docs/-2382409
7. https://lex.uz/ru/docs/-2635197